



Kreye yon Demann Kontra Enskripsyon pou Ane Fiskal 2024 nan Eleyo

Eskane kòd QR a oswa klike sou lyen ki anba a.


<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/>



Anba Afterschool Program chwazi *Request Enrollment*



Si w genyen yon Kont Eleyo ki egziste deja, tanpri siyenpandan w ap itilize imel ak modpas ou. Si w nouvo nan Eleyo, tanpri chwazi *Create Account* pou kreye pwofil ou. Yo pral mande w pou ajoute enfòmasyon pitit ou pita nan pwosesis la.



Lè sa a, y ap mennen w nan pwosesis enskripsyon nan Pwogram Apre Lekòl la. Si w genyen yon Kontra ki egziste deja nan Eleyo, seleksyone timoun nan. Si pitit ou a pa nan lis la, klike *Add New Child* (gade imaj ki nan lòt paj la).

Welcome to the registration process for Afterschool Programs.

To get started choose a participant from the left .

Lè w fin seleksyon ptit ou a, klike sou *Looks Good*. Kòmanse Enskripsyon an.

i Verify Child Info

Sample Child 1

Your Child
07/23/2017

Lives with You
Gender Not Provided

Grade Not Provided (for fall of 2022)

Attending School: Not Provided

Teacher: Not Provided

Special Needs: None

Looks Good. Start Registering.

W ap bezwen ranpli Enfòmasyon sou Timoun nan, Kontak pou Ijans/Moun ki Otorize pou Vin Chèche li, Lokal (kote ptit ou a prale pou pwogram apre lekòl), Kondisyon, Orè, Kesyon ak Enfòmasyon Finansye.

Ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen yo te soumèt Demann Kontra w la epi y ap tann apwobasyon manm estaf yo epi yo pral revize nan lòd yo te resevwa yo. Depi yo fin apwouve kontra w la, w ap resevwa yon imèl ki konfime demann kontra w la.

Depi w fin ranpli pwosesis enskripsiyan an atravè Eleyo epi w fin peye frè enskripsiyan an, direktè apre lekòl nan sit ou a kapab mande lòt fòm oswa dokiman. Y ap ba w yon kopi manyèl paran an. Lè yo peye frè enskripsiyan an, kontra a apwouve epi yo resevwa tout fòm/dokiman ki aplikab yo, ou fin ranpli pwosesis enskripsiyan an.

Peman Alavans pou Apre Lekol

Depi w fin gen yon kontra apre lekòl ki apwouve epi w ta renmen kòmanse fè peman, w ap bezwen retounen nan koneksyon Eleyo a <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/> epi klike sou Eksplor Tout Pwogram yo.

Kontak Apre Lekòl ou a ap parèt.

The screenshot shows a software interface with a blue header bar. Below it is a white search bar containing the text 'Explore All Programs' next to a magnifying glass icon. A grey dropdown arrow is positioned to the right of the search bar. Below the search bar is a list item card. The card features a small profile picture of a child, the text '#1005 Afterschool Programs', and 'Children: John Smith and Bella Smith'. To the right of the card is a grey arrow pointing to the right. At the bottom of the card, there is some very small, illegible text.

Si w ta renmen kòmanse fè peman pou apre lekòl, klike sou # kont ou, Pwogram Apre Lekòl, ak non pitit ou a.

Ou kapab fè peman pou apre lekòl alavans. Malgre Dènye Fakti a kapab montre kont ou aktyèl, rezon ki fè sa a se paske yo pokyo voye fakti ou pou Ane Fiskal 2024 apre lekòl yo.

Latest Invoice

Your account is current.

Your next due date has not been scheduled yet.

Pay

Pou fè yon peman, tou senpleman klike **\$ Pay**. Tape montan ou vle peye a. Si gen nenpòt kòmantè ki nesesè, tanpri endike sa nan Nòt Peman yo epi klike **Add to Cart**. Pou w konplete tranzaksyon w lan, klike sou *shopping cart button* ki anlè adwat epi klike **check out**. Swiv enstriksyon yo pou konplete tranzaksyon an.